



Legliz pou  
Timoun yo





- Koumansman
- 1. Ki sa Legliz Timoun yo ye?
  - 1.1 Agiman ki an favè ak kont
  - 1.2 Se pou nou genyen timoun nan nan yon laj byen bonè
  - 1.3 Ki jan nou dwe kòmanse?
  - 1.4 pwèn final yo
- 2. Lidè yo
  - 2.1. Direktè
  - 2.2. Asistan
  - 2.3 Minis Klas Mizik la
  - 2.4 Èd ki bò kote li
- 3. Disiplin ak planifikasyon
  - 3.1 ka espesyal
- 4. Zafè moral yo
- 5. Divizyon Group yo
  - 5.1. Preskolè yo
  - 5.2. Eskolè yo
- 6. Timoun Ofisyèl yo
  - 6.1. Deskripsyon travay timoun yo
- 7. Aktivite yo
  - 7.1 Tan pou varyete
  - 7.2 Tan pou adorasyon
  - 7.2 Tan pou aktivite yo
  - 7.3 Tan pou Aktivite
  - 7.4 Orè
- 8. Dokiman pou fè Fòmasyon
- 9. Memorizasyon bibliik
  - 9.1 Pou jodi ak demen
  - 9.2 Sijasyon yo
- 10. Evanjelizasyon
  - 10.1 Men kèk sijasyon:
- 11. Tan pou Rekonesans
- 12. Pwogram yo ak sijè sijere pou travay ak legliz timoun yo
  - 12.1 Fè disip ak doktrin
  - 12.2 Sèvis
  - 12.3 Istwa Legliz la
  - 12.4 Lwanj ak adorasyon
  - 12.5 Evanjelizasyon
  - 12.6 Misyon yo
  - 12.7 kèk aktivite ajoute
- 13. Anèks
  - 13.1 Pwogram pou Legliz Timoun yo
  - 13.2 Fòmilè pou granmoun ki vle yo ak pou timounki vle kolabore yo.

## Koumansman

Nou deja nan syèk ventenyen, kisa legliz ap fè pou fè timoun yo vin jwenn Kris? Ki jan ou anseye yo? Ak sa ki menm plis enpòtan, ki kalite chanjman ki fèt nan lavi timoun yo? Pou jan chanjman yo rive fèt tèlman rapid nan mond pa nou an, konsa l'ap difisil anpil pou nou ta rive anonse davans kisa ki ka rive nan kèk ane pi ta. Sa ki reyèlman enpòtan an se pou legliz la kontinye leve ministè nan mitan timoun yo kòm youn priyorite li enpòtan li yo epi tankou fenèt ki ka bay yo opòtinite pou yo jwenn plis timoun paske se yomenm ki pi sansib nan sans sa.

Men, ki jan timoun yo ka viv modèl Jezikris lè tout bagay bò kote yo se kanpe kont oswa lè moun ki reprezante yo nou pa ka sèvi yon bon egzanp pou yo nan lavi nou?

A mezi nou wè klima moral sosyete a ap bese, timoun yo bezwen enfliyans legliz la plis pase tout tan. Jèn jodi a yo ap grandi nan yon sosyete kote fanmi yo se bout pa bout yo ye, vyolans, pèvèsyon moral ak enfliyans pil lòt bagay ki ankachèt. Si pa gen enfliyans dirèk de yon kominote konfyans ak la fwa, timoun yo pap gen gwo opòtinite pou yo konnen, renmen ak sèvi Seyè a.

Legliz la dwe ajji kounye a, li dwe fè yon efò pou plante lidè ke timoun se nimewo en ki dwe resevwa yon bon ansèyman, ak fè chak timoun vin jwenn Jezi byen vit jan Sentespri a bay opòtinite fè la.

Se pou rezon sa ansèyman paran yo ak lidè kretyen komèt, yo dwe efikas pou devlope nan ti fi ak ti gason yo karaktè ak valè yo ke Jezi te bay kòm egzanp lan.

Se Seyè a ki te kreye ti moun nan, kòm yon moun ki pou grandi ak yon plan pou akonpli. Ansèyman ke legliz bay ti moun nan, pral fè yon diferans ant siksè echèk transfòmasyon sosyete a pa mwayen valè ak verite levanjil la. Nou vle lanfans lan etabli djanm epi rive akonpli rèv sa ki se imite modèl sa ke Jezikris te etabli a.

Legliz timoun yo se fondasyon ki la pou bay bon disip djanm nan legliz la. Timoun yo se legliz jodi a epi lidè demen, Se poutèt sa, priyorite ki pi gran se pou yo aksepte Seyè Jezi kòm sovè yo. Menm timoun ki pi piti yo ka konprann nesessite yo genyen pou yo ka sove. Men, ki moun ki va di yo ki jan yo satisfè bezwen sa? Ki moun ki pral ede yo fè tankou Kris la?

Èske moun sa se ou? Ministè legliz timoun yo se yon pati nan legliz la.

Nou dwe ede timoun yo konn Bondye, idantite, valè ak objektif yo.

Bondye konte sou lòm sou latè pou yo fè volante li. Li te kapab chwazi zanj oswa ak lòt mwayen, men metòd li a gen ladan gason ak fanm, byenke frajil ak frajil.

Bondye ka sèvi ak nou paske premyèman li gen pouvwa pou li itilize moun ki pi pa vo anyen an nan mitan lèzòm. (Jeremy 32:17,27; LK 1:37), ak Dezyèmman, paske mesaj n'ap anseye a gen pouvwa pou transfòme lavi (Rom. 1:16). Lè yon moun mete ti kras ak feblès li nan men Bondye, li fè sa ki pat anyen vin kichòy.

Ann kite Bondye itilize nou nan travay san parèy sa pandan n'ap travay ak ti moun yo pou nou mennen yo bay moun ki te kreye yo a.

Liv sa a fèt pou travay nan gwo rejyon nou an, Nou sijere ou

Ou ka adapte li nan kontèks pa ou ak nesessite yo epi nou gen konfyans ke Moun sa ki renmen

timoun yo pi plis la, pral ba ou kreyativite ak resous nan legliz ou, jwenn estrateji epi ouvè tout pòt pou bezwen yo kapab solisyon nan fè bèl bagay.

Nou vle ba ou yon lide jeneral sou sa ki Legliz timoun yo ak fason ou kapab aplike li ki senp, men byen òganize, ak mete aksan sou sa kote ke pa dwe genyen yon lòt klas ki bay nan lekòl dominikal, se sèlman yon tan kote ti moun nan ap prepare li nan sèvi ak adore Seyè a.


Nou espere ke Bondye beni ou atravè itilizasyon ak aplikasyon materyèl sa a epi oumenm kòm lidè timoun yo ka repwodui no unan lòt timoun, menm jan Pòl te fè sa ak Timote se konsa ou kapab pataje li ak sa ki nan nesesite yo.

**MÈSI POU LANMOU OU AK ANGAJMAN.**

**Byenvini ak kè kontan pouw gide yon jenerasyon tou nèf nan objektif Bondye.**

## Kisa Legliz Timoun yo ye?

“Pi bon fason nou ka itilize poun reponn kesyon sa a se klarifye kisa legliz timoun yo pa ye. Se pa yon repetisyon nan klas lekòl dominikal. Se pa non plis pou nou chita ap gadò timoun. Li se yon sesyon nan lekòl dominikal pwolonje epi planifye pou timoun ki pi piti yo.



**LEGLIZ TIMOUN YO SE SÈVIS ADORASYON, BYEN PREPARE POU TIMOU YO KI NAN LEGLIZ LA.** Pou Legliz timoun yo ka efikas, li dwe prepare epi santre sou nivo konesans ak konpreyansyon timoun yo. Timoun yo dwe fè pati sèvis adorasyon nan legliz timoun yo, epi ki pa dwe la sèlman pou vin tandè lòt moun. ”

Anpil aktivite byen varye ak metòd ki kapab kenbe timoun nanak anpil enterè epi pou aplike nan lavi li verite yo ki nan bib la ak aji; men yo pral kapab valab lè sa rive antre nan eksperyans adorasyon enpòtan, sa vle di, se pa sèlman yo ta dwe fè apèl ak santiman timoun nan, men nou dwe ede li fè yon eksperyans ki klè nan zafè adorasyon ak konsekasyon nan Bondye.

### Agiman an favè ak kont

“Fanmi an dwe ansanm nan tanp lan”

“Timoun yo dwe rete byen trankil epi koute tout mesaj pastè ap preche a ”

“Distraksyon oswa bri timoun yo dwe akseptab nan kil la”

“Paran yo dwe pran swen timoun yo deyò tanp lan ”

Agiman sa yo pa anndan reyali te a, kòm timoun yo pa tèlman bay atansyon yo, oswa patisipe nan adorasyon ak granmoun yo. Èske li pa pi bon pou timoun sa yo ta patisipe nan yon sèvis kote yo ka konprann ak patisipe aktivman? Èske li patap pi bon pou timoun sa yo aprann ke legliz la se kote yo adore Bondye? Kisa ki pase ak timoun yo ki gen paran yo nan legliz menm?

Akoz de konpòtman timoun yo kil yo konn bloke ak distraksyon, konsa granmoun yo dwe leve pou ede oswa pran swen timoun yo, yo pa toujou konnen kijan pou yo trete yo, anpil timoun kite fanmi yo pou yo al chita bò kote pi bon ti zanmi yo a; gen lòt yo ki rete chita bò kote paran yo, men se paske y’ap fè desen sou kèk papyè, ap li, jwe oswa ekri. Se pa paske timoun nan se yon move timoun, se paske timoun sa pa abitye oswa konnen kijan pou li byen konpòte li nan tan plan. Piga nou blame timoun yo paske yo santi yo dekouraje nan legliz la, yo deja pa konprann anpil nan sa yo di ak fè, paske li pa nan nivo konpreyansyon yo. Ni blame pastè a non plis, paske li ka rele atansyon timoun lan pou yon ti tan, men apre kèk minit, timoun lan pral prepare li pou chanje pozisyon, fè la viwonn, antre anba ban, zongle frè l la oswa rale cheve yon ti fi. Gen granmoun ki kontan lè li wè timoun yo ap byen konpòte yo, men yo ta dwe konprann ke pafwa timoun sa yo, se timoun ki gen tanperaman trankil, men gen lòt yo se paran yo ki fè kèk bri sou yo pou yo rete tranquil. Tout rezon sa kapab sifi pou genyen legliz pou timoun yo. Nan fason sa a, timoun yo pral aprann konpòte yo byen ak adore Seyè a.

## Ann pran timoun nan nan yon laj byen bonè

Legliz la, pa mwayen ministè timoun yo dwe rekonèt ki enpòtans sa genyen lè genyen timoun nan si li vle vin yon kreyen fidèl avèk Seyè a lè li grandi. Legliz timoun yo se yon gwo opòtinite pou plis tan nan travay ak timoun: Ranfòse verite espirityèl yo a travè adorasyon, Pawòl Bondye a, istwa misyonè yo, fè disipa k anpil lòt aktivite byen òganize epi planifye tou.

Legliz timoun yo se yon opsyon pou prepare moun ki pral kontinye ministè paran yo nan tan ki pou vini yo oswa lidè ki la kounye a yo. Avèk timoun k ap aprann sèvi, n' ap prepare moun ki pou patisipe nan koral la, asistan lotèl la, pwofesè yo, ofisye legliz, pastè yo ak misyonè yo, elatriye. Paran yo pral santi yo pi tranquill lè yo vin konnen ke y'ap byen pran swen pitit yo a pou yo epi moutre yo verite espirityèl yo ki pral ede yo nan lavi yo.

## Ki jan ou dwe kòmanse?

Pou kòmanse ministè sa a, premye bagay nou dwe genyen se manm legliz la ki chofe pou yo antre nan travay sa, ak anpil lanmou pou timoun yo, ak pasyon, anvi pou fè sèvis sa. Pwojè ak plan travay yo ta dwe prezante devan komite MEDFDI. Komite sa a dwe apwouve pwojè a ak lidè ki dwe ede li avanse pou devan. Pou kòmanse ministè sa a li nesesè:

- Yon plas kote pou timoun yo rasanble. Kote a ta dwe lwen tanp lan, evite bri timoun yo afekte reyinyon granmoun yo, oswa bri granmoun yo afekte reyinyon timoun yo tou.
- Kote saa bezwen espas ak kazyè kote pou yo sere materyèl ki pa dwe melanje ak materyèl lekòl dominikal yo.
- Fè mèn ki apwopriye pou timoun. Si se pa konsa, sa pral kreye pwoblèm disiplin nan mitan yo.
- Fè yon ti chè piti, ki ka fabrike ak yon tiwa aliye ak yon papye oswa twal ki apwopriye yo.
- Ou dwe gen vèsò espesyal pouf è ofrann ak ladim, sèvyèt tab ak plato pou Sentsèn, enstriman (yo) pou mizik, pwojektè, èd vizyèl yo, kaye pou trezorye sekretè, ansanm ak tout sa ou kwè ki nesesè yo.



## Finalite yo

- Ede tout timoun yo fè eksperyans gen lavi ki pap janm fini an.
- Anseye timoun yo pou yo grandi nan imaj Jezikris: Se pou yo devlope yon relasyon pèsonèl avèk li, pratike la fwa, ale nan kil yo, fè devosyon pèsonèl yo, louwe ak adore, sèvi lòt moun, pataje levanjil la epi viv yon vi ki san peche.
- Fè timoun yo pran konsyans sou pwogram misyonè legliz la, anseye yo konpasyon nan sèvi kominote a.
- Montre timoun yo pratike majòdon (lajan, tan, talan yo, richès, elatriye).

- Montre timoun yo valè mizik kretyen an genyen, pa mwayen kantik yo ak kè chan yo nan kontèks ak verite yo ki nan Bib la.
- Anseye timoun yo doktrin legliz pa nou an atravè atik de konfyans yo ki gen rapò ak sijè sa.
- Prepare timoun yo pou yo kapab konprann epi pratike reverans nan tanp lan ak valè kretyen yo.
- Bay timoun yo opòtinite pou yo patisipe, sèvi ak adore Bondye.
- Prepare timoun yo pou yo patisipe nan kil adorasyon ak granmoun yo lè sa nesesè ak lè yo grandi.

Legliz timoun yo se yon tan pou adore Bondye kote timoun yo dwe patisipe fizikman, mantalman ak espirityèlman. Sijè prensipal la dwe adorasyon atravè mizik, memorizasyon ak etid pawòl Bondye a, lapriyè, renmen youn pou lòt ak sèvis kretyen, temwayaj piblik ak ofrann.

Nenpòt lòt aktivite, tankou atizana ak jwèt dwe base sou tèm nan pou ranfòse li epi yo dwe fè li kou pwogram adorasyon an fini oswa kil la, konsa li enpòtan pou yo ta fè Materyèl ki gen anpil jwèt, atizana oswa teyat, si gen tan pou sa.





## Lidè yo

Pwen sa a trè enpòtan epi yo pral detèmine siksè oswa echèk nan yon legliz timoun yo. Se komite lokal MEDFDI a ki dwe vote pou mete lidè yo dapre lòd pastè a. Anvan yo kòmanse, yo dwe pase kèk dimanch ap swiv lòt lidè epi pou yo etidye pa mwayen atelye.

Direktè a ak vis direktè a pa dwe gen lòt travay nan legliz la, paske legliz timoun yo pran anpil tan ak enèji. Li enpòtan pou yo vote epi mete moun ki bon pou sa yo. Si o upa gen moun ki bon pou fè travay sa, li ta pi bon pouw rete tan avanw kòmanse ministè sa.

Lidè yo ta dwe resevwa fòmasyon nan sikoloji pou timoun, metòd pou anseye, pwogram global de legliz Nazareyen, ministè timoun piti yo, pati ki gen achiv la ak pati ki kontwole lajen legliz la. Sitou, lidè a sipoze genyen yon devosyon byen pwofon nan Kris la, lwayote nan legliz la, ak akseptasyon pwogram legliz timoun yo. Li dwe renmen timoun yo epi konprann yo, Moun sa dwe gen bon relasyon ak lòt moun epi gen anpil pasyans, pataje ansanm ak lòt moun. Li sipoze byen chofe ak pwogram timoun yo. Li sipoze gen langaj fasil lè l'ap pale, epi li dwe gen kapasite ak vizyon pou li planifye pwogram legliz timoun yo. Li sipoze yon moun ki tou prèt pou kolabore ak lòt ministè yo.

## Direktè

Li kapab fi oubyen gason. Si gen yon gason nan ministè legliz timoun yo, prezans li sèlman ap ede nou kontwole zafè disiplin.

Yon mari ak madanm ka rete nan pozisyon direktè ak vis direktè.

Fonksyon yo:

- Reprezante ministè Legliz Timoun yo nan tout reyinyon Konsèy ministè pami timoun yo.
- Prepare epi fè demann yon bidjè chak ane, ak kenbe yon dosye sou tout depans.
- Soumèt yon plan travay chak ane.
- Detèmine kantite reyinyon ki pral fèt pou legliz timoun yo, mete limit pou kesyon la pa gwoup.
- Evalye enstalasyon epi chwazi sa ki pi apwopriye pou chak gwoup selon laj yo (si genyen).
- Multipliyè epi fòme asistan pou legliz timoun yo.
- Mete materyèl yo nan lòd epi ranplase yo lè sa nesesè.
- Fikse objektif yo, prepare kalandriye, fè plan ak moun k'ap ede yo.
- Dirije sèvis legliz timoun yo, oswa kontwole moun k'ap dirije li yo.
- Fè pwomosyon pou ministè legliz timoun yo.
- Enskri patnè lapriye pou ministè sa.
- Patisipe nan reyinyon travay ak legliz fòmasyon pou legliz timoun yo nan lokalite a, zòn oswa distri a.

### Vis direktè

Li sipoze tou prèt pou ede Direktè a nan reyalize pwogram li yo.

### Pwofesè klas Mizik la

Si legliz la se yon legliz ki gen anpil moun, yon moun ka pran responsablite pou chwazi ki kalite mizik ak chante ki gen rapò ak tèm k'ap trete a. men si legliz la pa yon legliz ki gen anpil moun, Direktè a oswa vis direktè a dwo pran responsablite sa.

### Moun k'ap ede yo

Kantite moun k'ap ede yo dwe depann sou kantite timoun ki genyen, sèvi ak moun ki vle epi fòme ekip youn apre lòt, ou ka fè chanjman chak mwa oswa chak de mwa, si sa nesesè. Men Direktè a ak vis direktè a pa dwe chanje, se pou yo toujou kontinye nan plas yo.

## Disiplin ak Planifikasyon

Objektif disiplin nan se fè timoun nan dekouvri nesite li genyen pou li kontwole aksyon li yo, kraktè l' epi anfen kite sentespri a prn kontwòl lavi li.

Règ disiplin kin an Bib la se nan: 2 Tim. 3:16 "Tout sa ki ekri nan liv la, se nan Lèspri Bondye a yo soti, y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun kin an erè, pou korije moun k'ap fè fot, pou moutre yo kijan pou yo viv byen devan Bondye" Popilè Kreyòl.

Fondman disiplin ki nan Bib la se: Respè pou Bondye

(Detewonòm 6:5-7) Po usa ki gen pou wè ak moun sa yo ki gen

otorite (Rom. 13:1); Obeyisans nan pawòl Bondye a (Pwovèb 22:6 a) Rezilta se Benediksyon (Pwovèb 22:6 b).

Pwoblèm disiplin rive lè gen eleman ki detwi anviwònman an edikasyon an, donk sa ka rive pa mwayen: pwofesè a, elèv la, sal klas la oubyen leson an.



El secreto para que en la Iglesia Infantil haya una buena disciplina es la PLANEACIÓN PREVIA. Cada minuto debe ser PLANEADO:

- ✚ Materyèl yo ak lidè yo dwe gentan nan plas yo menm avan premye timoun nan rive.
- ✚ Disiplin yo ta dwe fèm ak san patipri.
- ✚ Pran pasyans, toleran ak renmen, men tout dwe gen rapò ak sitiyasyon ki prezante a.
- ✚ Timoun nan pral fè sa ou kite li fè epi kontwolew pou yo ka wè ki kantite w'ap kite yo fè.
- ✚ Ekri règleman legliz timoun yo ak patisipasyon yo nan akò ak yo tout (pèmèt yo pwopoze pwòp règleman pa yo pou yo swiv), ak konsekans yo pou kraze yo. Yon egzanp nan yo kapab: koute lè yon moun ap pale, pa kouri, pataje materyèl ak mèb, pwoteje ak respekte lòt moun. Pibliye règleman yo sou yon afich vizib epi ekri yo sou yon fèy pou pataje yo pandan w'ap bay chak timoun youn ak paran yo tou.
- ✚ Konpòtman timoun ki pa gen paran yo nan legliz, yo pral konplètman diferan. Ou ta dwe anseye yo depi premye Dimanch la, ki jan pou yo fè li. Efòse yo rete an silans epi aprann swiv depi nan kòmansman an.
- ✚ Kite timoun nan patisipe paske si timoun nan ap patisipe epi santi li byen, li pap gen tan pou li mal konpòte li.
- ✚ Varye aktivite yo: pasif, aktif, paske timoun nan bezwen an mouvman.
- ✚ Kontwole kijan tanperati a ye nan klas la epi bat pou gen bon system de vantay pou chalè a pa bay twòp pwoblèm, konsa tou kontwole lè klima chanje tou paske timoun yo sansib anpil sa ka afekte yo, lè chanjman ka fèt ak (Chalè, fredi, lè van pa sifi, elatriye).
- ✚ Mande paran yo pou yo fè timoun byen repoze nan dènye nwit avan jou lelegliz yo a, se pou yo vini byen dejene oswa byen manje epi si yo malad se pou yo rete lakay yo, sa ka rive ou gen yon timoun fatige, dezole ak mank de atansyon ak patisipasyon tou.
- ✚ Si yon timoun fè dezòd, pa pèdi espwa ni pa dekouraje. Priye pou ministè li. Eseye dekouvri ki pwoblèm timoun nan. Rele l' oswa al vizite li lakay li, fè zanmi ak lie pi ak paran li yo. Ba li konsèy, ankouraje lie pi moutre li ke li enpòtan pou ou. Se pouw kenbe fèm.

- ✚ Pa janm fè timoun nan wont devan lòt yo. Pa janm frape l'. Si timoun nan kontinye ap aj mal, retire li nan gwoup li ye a epi mete li chita ansanm ak yon granmoun volontè oswa menm kote ak moun k'ap ede li a.
- ✚ Ou kapab sèvi ak estrateji "chèz pa fè bri ": mete yon ti pankat ki di: "chèz ki pa fè bri" nan yon chèz, anonse pouw di ke nenpòt moun ki vyole règ la, l'ap vin chita sou chèz la; timoun nan dwe rete chita sou chèz la san li pa pale di jwe (yon minit pou chak ane selon laj yo) lè minit la fini, mande timoun nan pou li mande eskiz epi pwomèt ke li pap janm vyole règ la ankò. Lè legliz la lage, si timoun nan konpòte lib yen, fè li konpliman epi ankouraje li pou li kontinye konpòte li konsa menm.
- ✚ Bay timoun nan yon responsablite: Timoun yo renmen ede lòt.
- ✚ Pale dousman, fè yo rete tandè lè yon moun ap pale epi dwe genyen yon tan pou chak timoun.

### Ka espesyal yo

- A. Pafwa ou gen pouw sèvi ak timoun ki gen pwoblèm emosyonèl. Gen lè k'ap rive pasyans ou ap fini iFÈ ATANSYON! EPI SONJE KE TIMOÛN NAN PA RESPONSAB AKSYON LI YO. Timoun sa gen bezwen lanmou, se pa kritik li bezwen.
- B. Sa t'ap sèviw anpil siw ta fè entèvyou avèk pwofesè lekòl dominikal timoun nan oswa ak pwofesè lekòl li a. yo ta kapab ba ou kèk rezon ki fè timoun nana p konpòte li konsa epi edew jwen kèk fòm de disiplin. Pa bliye paran timoun nan, al vizite yo. Pale avèk yo, yo gen pou yo respekte epi remèsyew paske y'ap wè kijan ou bay pitit yo a anpil enpòtans.
- C. Si pwoblèm emosyonèl oswa pwoblèm nan konpòtman sa yo, se konsekans jan yo te mal leve timoun nan, pale ak prezidan ministè lekòl dominikal ou a, pou yo ka mete sou pye ministè "Lekòl dominikal pou paran yo" sa se pral yon mwayen byen enpòtan pou ede paran yo aprann yo leve timoun yo pi byen oswa chanje jan y'ap pran swen timoun yo.
- D. Priye pou chak timoun yo. Bondye va ba ou bon konprann ak anpil pasyans nan fason pou w travay ak yo epi pou yo.
- E. Gen timoun ki gen latwoubay emosyonèl ki byen grav anpil bagay ka lakòz sa: divòs, tafya ak lòt vis, batay, abi, elatriye. Timoun sa yo pral reyaji avèk pè, dlo nan je, enkyetid, pa ka rete trankil, ensekirite, timid epi sansib oswa le kontrè yo ka arogan, ak renmen goumen epi agresif. iFÈ atansyon, se pa tout timoun ki moutre tout karakteristik sa yo, se yon timoun ki boulvèse. Lidè oswa pwofesè ki gen lanmou ak konpreyansyon, kapab ede timoun sa yo ki nan bezwen a travè ministè "Pastoral pou timoun" (\*), pou bay timoun nan sèvis ak fanmi li.
- F. W'ap jwenn ak timoun ki gen bezwen edikasyon espesyal, sa vle di, andikap pou aprann oswa ki gen yon andikap fizik oswa mantal, yo bezwen bon swen ki gen rapò ak nesesite yo a. Ministè "Kado lanmou" (\*), se pral yon resous efikas pouw reponn timoun sa yo ak paran yo.

(\*) Ministè sa yo tou nèf epi trè byento ou pral gen manyèl yo. Mande prezidan distri w la yo.

## Zafè Moral yo

Tèm sèks se yon bagay ki pa toujou fasil pou rezoud, nou dwe mansyone sa manyèl legliz Nazareyen 2013 la di, nan Chapit 4 “ Zafè moral yo ak Zafè sosyal yo, kontanporen”, paraf 903.3 kote ki pale de **Maltrete sa ki pa gen defans yo**:

“Legliz Nazareyen kondane sa ki rele maltrete moun nan. Kèlke swa laj oswa sèks, epi mande pou limanite pran konsyans sou sijè sa, a travè piblikasyon li yo ak bay ansèyman ki gen bon enfòmasyon ki bon pou sa. Legliz Nazareyen gen yon pozisyon tradisyonèl kote li entèdi moun fè zak seksyèl oswa nenpòt lòt tip de abi a sa yo ki pa gen moun pou pran defans yo. Lè yo mete yon moun nan yon pozisyon pou l dirije ak konfyans se paske legliz Nazareyen gentan fè yon rechèch sou konpòtman pase moun sa pou yo ka wè èske li se yon moun ke w ka mete konfyans nan li pou yon demen miyò. Legliz Nazareyen refize bay moun ki te deja itilize yon pozisyon de konfyans oswa otorite epi ki te pwofite okazyon sa pou l te antre nan imoralite seksyèl oswa maltrete sa ki pa gen defans yo, sof si moun sa te pase anpil tan anba yon pwosesis de restorasyon epi nou ka wè nan li yon demen miyò pa mwayen de konpòtman li. Pawòl mou sa ki te koupab nan komèt zak sa yo pa sipoze yon prèv pou n ta di ke nan yon fiti moun sa pa pral retounen al fè menm zak yo ankò, se sèlman si pawòl li yo akonpanye ak chanjman de konpòtman ki byen klè pou yon tan ki sifi ak anpil pridans ki kapab endike ke menm zak la pap repete ankò.” (2013).

Puiske legliz la paka separe li de moun sa yo ki bay anpil pwoblèm nan pawas la epi ak lòt zanmi tou ki nan legliz la pral vle pran avantaj pou yo fè timoun yo abi pakse yo inosan, konsa eleksyon an dwe fèt apre yo nou fin fè yon bon obsèvasyon sou chak moun ki pral poze kandida. Nou deside egzote lidè sa yo ki nan legliz timoun yo pou fè anpil atansyon ak timoun piti yo ak adolesan yo tou. Timoun sa yo gen anpil konfyans nan moun ki pi gran pase yo, yo gen anpil respè pou lidè yo san poze onkenn kesyon. Pou sa poutèt sa nou ofri sijesyon sa yo:

1. Nou rekòmande pou fanm tankou gason travay.
2. Ou dwe obsève konpòtman kòlèg ou yo ak patnè ministè a epi rapòte bay. Pastè nenpòt sa ki pa dwat. Fè atansyon epi sèvi ak bon jijman, pa fè kòmantè oswa kòmanse rimè k'ap kouri san jistifikasyon (Sòm 101:5, Levitik 19:16; 1 Timote 5:13)
3. Planifye aktivite yo yon fason pou toujou gen yon granmoun akonpanye timoun yo.
4. Lè yon timoun deklare ke yon lidè nan ministè a bo li oswa karese nan Yon fason ki pa kòrèk, ou sipoze kwè nan sa timoun nan di a epi fè rapid al pale sa ak prezidan ministè a ansanm ak pastè a.
5. Si timoun yo bezwen èd pou yo ale nan twalèt, se pou yon fi menen ti fi yo epi yon gason menen ti gason yo.
6. Moun ki deplase avèk timoun nan dwe di yon lòt granmoun ki kote li prale, li dwe retounen ak timoun nan nan salòn aktivite a epi li pa dwe pran anpil tan pou fè sa.

Sa pa vle di nou pa fè lidè yo konfyans, men si nou aplike tout bagay sa ak yo tout menm jan pap gen pòt pou move zak antre.

**NOU SE YON LEGLIZ KI SAN TACH EPI NOU PA DWE KITE ANYEN SAL IMAJ NOU PASKE SA T'AP DEJA SAL IMAJ KRIŞ LA. SI ENSTITISYON YO KI NAN MOND LAN AP FÈ ANPIL ATANSYON AK SA, POU NOU MENM SE PI PLIS TOUJOU.**



## Divize gwoup yo

Nan legliz timoun yo nou ka resevwa timoun ki nan laj 4-11 lane ki ka vin legliz ak paran yo oswa san yo. Pou legliz timoun yo ka aoknpli objektif li, nou dwe rann kont de laj timoun yo, separe yo youn de lòt selon laj yo chak ak kantite espas ki gen pou sa epi ak kantite moun nou genyen pou ede nou (kantite moun ak espas). Rekòmandasyon sa yo ka ede ou pi byen òganize legliz timoun yo pandan w'ap sonje adapte w ak kontèks la.

- + Yo dwe pran swen timoun piti ki nan laj 0-2 lane nan yon gwoup separe nan posiblite yo ki genyen nan chanm ki gen bèso. (Ou kapab mande presidan w lan manyèl ki gen rapò ak travay ak bèso a).
- + Timoun ki nan lekòl matènèl yo dwe fè pati yon gwoup separe paske yo gen anpil enterè ak kapasite pase timoun ki pi gran yo. Aktivite ak sèvis adorasyon yo dwe prepare nan nivo timoun sa yo.
- + Timoun ki gentan nan primè epi ki ka metrize ak li san pwoblèm, fè redaksyon, yo dwe gwoupe yo nan yon lòt legliz timoun.
- + Legliz ki pi gwo yo ka konsidere kòm legliz ki pou resevwa plis gwoup, yonn pou timoun ki premye ak dezyèm ane primè; yon lòt pou timoun yo nan 3yèm ak 4yèm ane ak yonn pou timoun ki nan 5 - 6yèm ane. Divizyon sa yo fè travay la vin pi fasil pou lidè a epi sa ki pi enpòtan se bay yon anbyans ki agreyab pou timoun nan. Diskisyon yo ak aplikasyon verite yo ki nan Bib la nan sikonstans lavi a nesesè anpil pou gwoup sa yo.
- + Si timoun ki nan klas 6yèm ane yo santi yo vin "gran" epi yo pa vle asiste ankò nan legliz timoun yo, yo kapab ale nan sèvis adorasyon menm kote ak granmoun yo.
- + Kantite timoun yo pou chak gwoup yo ta dwe ant 15 a 20 timoun pou yo tout ka jwenn bon sèvis. Si gen yon gwoup ki gen 30 timoun ki gen laj varye li pi bon pou w ta divize li.
- + Ensiste pou pou pa gen dezòd nan zafè divizyon legliz la swivan laj ki etabli yo. Pa kite pou pi piti yo rete bò kote gran frè yo (pral gen kèk ka ou pral rezoud ak bon konprann ou). Se menm jan piga w kite pou timoun ki pi gran yo vin swiv menm kote ak pi piti yo.
- + Si ou espas sifi, rasanble gwoup ki te koumanse anvan yo ak sa ki nan primè yo, men se pouw planifye aktivite yo apa epi fòk ou genyen yon bon kantite moun ki pou ede pran swen gwoup yo. Si w pa vle sèvi ak lòt èd ou ka mande pou timoun ki pi gran yo ede ak sa ki pi piti yo.
- + Chèche paran ki pou adopte timoun sa yo ki pa gen paran yo nan legliz; Si nan legliz ou a gen timoun majè ki pral patisipe nan kil granmoun yo, "manman adoptif la" dwe mete youn oubyen plis timoun chita bò kote li epi pran swen yo nan konpòtman yo, pataje chan ak Bib li ak yo pou ka santi yo byen resevwa yo epi pou yo ka rejwi nan sèvis granmoun yo.

### Preskolè yo

Lè nou konsidere ke konpetans yo ak kapasite timoun yo, Legliz Timoun nan dwe gen de gwoup ladan li: separe lekòl preskolè de eskolè yo.

Pou preskolè yo, se pouw bay yon sesyon ak yon pwogram adorasyon ranfòse epi yon tèm byen prepare ki gen ladan li chan, vèsè, konesans, aktivite kreyatif ak jwèt.

Pwogram sa a dwe gen eleman sa yo ladan li:



- Aktivite deplasman (ale nan twalèt la, bwè dlo, lave men, detire janm yo, Sere Zafè yo yon bon kote)
- Yon ti manje oswa yon ti repo
- Adorasyon
- Aktivite pou aprantisaj.

Menm si adorasyon an pa pran tout tan an, se li ki pou pwenn santral pwogram nan pou timoun preskolè yo.

### Eskolè yo

Tou depan de sikonstans yo, kilti, elatriye. Li rekòmande pou timoun ki nan laj 11 lane yo kòmanse soti nan legliz timoun piti yo pou yo ale patisipe nan sèvis adorasyon ansanm ak granmoun yo si tout fwa yo te nan legliz timoun yo lè yo te piti, deja nou konnen ke timo un yo ap kòmanse santi yo dekouraje nan pwogram timoun piti yo epi sa ka fè yo bay pwoblèm nan konpòtman yo.

Pou fè tranzisyon sa ak timoun ki gen 11 lane yo, ou dwe pran kèk mezi enpòtan pouw ka rive mete yo nan kil devosyonèl granmoun yo: Mennen yo nan sèvis granmoun yo souvan, kòmanse fè sa yon fwa pa trimès epi apre sa, fè li yon fwa pa mwa oubyen plizyè fwa.

Si timoun ki pi gran yo fè pati legliz timoun yo, men sa ki rekòmande:

- Sèvi ak yo pou yo dirije yon pati nan pwogram nan
- Se pou fè yo patisipe kòm manm akèy, direktè kantik, moun ki la pou li La bib, powèm, elatriye.
- Mete yo nan gwoup maryonèt, Mim ak dram, ki bay yo opòtinite pou yo prezante mesaj pafwa.
- Òganize yo nan koral ak gwoup mizik.

Mete tout laj nan yon gwoup pa bon pou yon ansèyman efikas, men si pa gen okenn lòt mwayen nou sijere aktivite sa yo pou rezoud difikilte ke sa kapab lakòz:

- Sèvi ak mizik varye ki pral enterese timoun tout kalite laj
- Sèvi ak èd tankou videyo pou moutre chan yo ak prèch oswa tèm nan.
- Separe yo selon laj yo lè w'ap fè aktivite yo. Si sa pa posib, mande pou pi ryan yo edew ak pi piti yo, nan fason sa a timoun primè yo va santi yo satisfè lè yo wè y'ap kolabore nan pwogram adorasyon timoun yo nan menm tan y'ap santi yo enpòtan.

Menm jan ak timoun ki pi gran yo, fòk nou mennen sa ki pi piti yo al patisipe nan kil adorasyon yo chak peryòd. Nou sijere w al pale ak Pastè a pou ke legliz timoun yo ka patisipe nan dirije sèvis nan legliz granmoun yo menm si se ta chak de oubyen twa mwa kote granmoun yo kapab patisipe ak yo.

Anseye timoun yo se yon travay enpòtan ak responsablite. Òganize yon legliz timoun efikas pa fasil, men ak bon planifikasyon, legliz timoun yo kapab youn nan ministè ki pi itil, ke legliz ou a pwodwi pou tifi ak ti gason yo.

## Timoun ofisyèl



Sa depann de kantite timoun ki fòme Legliz timoun yo, ou kapab chwazi timoun ofisyèl yo pou fè travay sa yo:

- Chwazi timoun yo ak bon konprann. Pètèt ou ka gentan pale avèk yo depi davans, pale yo de travay yo pral gen pou yo fè ak responsablite yo.
- Esplike yo sou nesesite ki genyen yo epi moutre yo tout bagay ki gen pou wè ak eleksyon.
- Prepare bilten yo davans ak non timoun ou chwazi yo, pou lòt timoun yo make ak yon “X” oubyen pase yon trè anba non timoun yo vle a. Pale ak yo pou w esplike yo ki karakteristik timoun y’ap vote yo dwe genyen.
- Konte vòt yo devan yo epi make kantite a nan yon tablo pouw ka rive jwenn timoun ki genyen nan eleksyon yo san pwoblèm.
- Bay chak timoun yon fèy ki gen ladan li responsablite l’ epi ki esplike yo kijan yo dwe abiye, kijan yo dwe konpòte yo ak fè travay yo.
- Pale ak paran timoun sa yo pouw esplike yo rezilta eleksyon an epi mande yo pou yo ede timoun yo lè y’ap fè devwa yo.
- Prepare yon kil espesyal pouw ka prezante nouvo ofisyèl yo, priye pou yo epi mande pou yo felisite timoun sa ak ankouraje yo.
- Mete moun k’ap edew yo kontwole travay timoun ofisyèl yo tou.

### Deskripsyon travay timoun yo

Direktè pwogram yo- Fè pwogram nan epi dirije li, oswa envite yon lòt timoun vin dirije: mande pou yon moun priye, oumenm, fè lekti nan Bib la, mande pou yo ranmase ofrann nan, bay anons yo, mande pou yo dirije kantik yo.

Majòdon - Ede nan sèvis jou Dimanch yo, se yo ki dwe distribiye liv chan yo, pwogram yo. Resevwa ak di timoun yo orevwa, di moun byen veni, bay èd yo lè gen sentsèn, vizite timoun yo oswa granmoun ki malad yo, elatriye....

Jeran ekonomi an – Dwe resevwa ladim ak ofrann nan, ansanm ak trezorye a y’ap konte lajan an epi epi ekri kantite a nan kaye ki fèt pou sa, li la pou ede nan aranjman olas oubyen chèz pou timoun yo chite anvan yo koumanse epi ede ak chèz yo ankò lè sèvis la fini, elatriye...

Sekretè – Dwe anrejistre timoun yo nan legliz timoun yo, ak non yo, kote y’ap viv la, dat yo te fèt ak nimewo telefòn yo. Yo dwe fè apèl chak dimanch pou konnen ki timoun ki la, li dwe konsève lis non li pran chak dimanch yo, li dwe kontwole byen dat anivèsè yo, tout bagay sa yo dwe nan yon kaye espesyal, se yon moun majè ki pou kenbe kaye sa.

Trezorye - Pral sèvi ak yon kaye espesyal kote, ansanm ak jeran ekonomi an, ekri kantite ofrann ak ladim chak apre yo fin konte lajan yo, epi se yo ki dwe responsab pou kenbe dosye sa a. Yo dwe voye ofrann nan bay trezorye legliz la, pou lajan sa kapab antre nan kaye legliz la epi antre nan ofrann lekòl domominikal. Lòt opsyon ki genyen se si timoun yo ta konsève lajan saa pandan paran yo ap bay yo sipò yo. Sa pral posib ak èd asistan lidè a.

Sonje ke kòm yon lidè, ou pral ranje travay sa yo oswa devwa pou timoun yo, ou pral obsève yo epi ede yo fè li pi byen chak jou.



## Aktivite yo

### Tan pou rekreyasyon

Si nan legliz ou a, legliz timoun yo reyini nan Dimanch maten, yon tan tranzisyon oswa rekreyasyon ant lekòl di dimanch ak tan legliz timoun yo. Sonje ke timoun lan bezwen tan pou li ale nan twalèt, bwè dlo, detire kò li, lave men yo, elatriye.

Direktè a dwe toujou la pou li ka akeyi lè yo ap antre epi di yo orevwa lè yo prale lakay yo, epi n'ap konseye w pou w pa kite timoun yo soti anvan legliz granmoun yo lage.



Nan tan tranzisyon an, pèmèt timoun yo fè egzèsis, prepare kote pou yo adore, ranje chèz yo, flè, distribye ti kè chan yo, prepare kaye sekretè a ak trezorye a, pote enstriman yo, elatriye. Epi tou yo kapab fè repetisyon sou chan yo pral cante yo ak lekti yo pral fè yo tou.

Lòt timoun yo ap vle pale ak lidè yo, sa a se yon bon opòtinite pou ta poze yo kesyon sou fanmi yo', lekòl, zanmi, bèt kay, elatriye. Konsa w'ap rive rekonèt yo trè byen lè ou antre nan ti dyalòg enfòmèl sa yo ak yo. Sa se yon bon opòtinite tou wi pouw ta tou prepare aktivite pou jou espesyal yo.

### Tan pou adore

Sa a se moman ki pi enpòtan epi solanèl, se yon moman pou nou ede timoun yo panse avèk Bondye, avèk sakrifis Jezi te fè sou lakwa, epi Jezi pa nan tonm nan ankò, epi panse nan pèsonaj yo ki nan Bib la ki pral ede yo epi yon bon egzanp pou yo pou tout lavi yo.

Chak chan, lapriyè, lekti nan Bib la ak mesaj yo ta dwe chwazi pa pouvwa Sentespri, epi ou vans ak konplomis, se pou w priye ak li Bib la.

Timoun lan ta dwe rann li kont ke gen yon bagay espesyal k'ap fèt la, se pou sa menm timoun yo ap patisipe nan sèvis adorasyon an. Men, timoun nan va mete li sou sa pi plis si ou respektè règ sa yo:

Egzanp yon pwogram pou yon kil:

1. Lapriyè ak Byenveni (nouvo timoun, granmoun vizitè)
2. Mizik (2 oubyen 3 chante ak jès, apwopriye a tèm pou jounen an)
3. Lekti nan Bib la
4. Vizyèl (teyat, ekspresyon kòporèl, jwèt mayonèt, videyo)
5. Ofrann (Ou kapab resevwa li ak mizik ki prepare pou sa nan legliz la)
6. Mizik (2 chante ki gen refleksyon)
7. Prèch oswa tèm (istwa bibliik la dwe pale pou tèt li. Pa janm li l', aprann li pa gade timoun yo fiks nan je yo)
8. Tan pou priye oubyen lotèl
9. Anons yo ak Anivèsè yo
10. Libere moun yo (yon lidè ka fè sa oswa yon timoun)

Se pou Sentespri Bondye a Gide ou, pou ke ou asire w ke se nan moman sa a Pou'w fè apèl pou vin devan Iotèl la pou timoun yo ka fè yon rankont ak Sovè pèsonèl yo a.

Metòd ak estrateji w'ap itilize yo ta dwe varye chak Dimanch, fè yon sèl bagay kapab anhwiyè timoun yo, epi yo kapab panse ke se yon sèl fason ou genyen pou tout kalite aktivite ak pwogram n'ap òganize yo. Se pou w varye nan lòd pou adore, nan bay temwayaj, envite espesyal, nan mesaj timoun yo, elatriye. Pou bay la mesaj, ou ka itilize tablo flanèl, pwòjektè, videyo, fim sinema, tablo, ak anpil metòd ki disponib. Si ou pa konnen yo, mande enfòmasyon sou yo epi aprann yo pou ka sèvi ak yo byen.

### Moman Aktivite yo

Pran tan pou planifye sa yo (pa fèl nan samdi swa). Yo pa ta dwe fè bwi, espesyalman si yo pre tanp lan. Yo ka jwe, Jwèt kasetèt vèsè biblik la, kesyon ak repons, memorizasyon kèk vèsè. Ou ka menm jwe kèk jwèt MEBI. Sonje ke jwèt sa yo ta dwe jwe aprè sèvis adorasyon an fini ou ka menm ajoute nan fè.

Plan pwòjè kado pou jou espesyal yo tankou: Jou fèt Papa a, misyonè a, granmoun aje yo, nan jou fèt pastè, elatriye. Fè yon plan nan kote wap vizite yon kay retrèt oswa òfelina epi pote kado pou tout timoun yo.

Tout timoun dwe patisipe nan tout aktivite k'ap fèt yo. Ou ka fè yon lis nan aktivite ou pral fè pou yo a epi y'ap chwazi sa'k fè yo plis plezi a. Se konsa, ou pral dekouvri tout talan yo. Nan fen liv sa a, nan anèks la, ou pral jwenn yon fòm pou timoun yo konplete epi ka sèvi dapre kapasite yo.

Pou anpil moun, jwèt la kapab yon ti jan initil, san sans, pèdi tan, oswa pran plezi, sepandan, gen twa karakteristik enpòtan nan jwèt la nou pa dwe bliye:

1. Timoun nan aprann jwe.
2. Timoun devlope enèji li.
3. Yo devlope ladrès motè yo, misk ak amelyore kòdinasyon kò fizik yo.

Kòm lidè nan Legliz timoun yo, ta dwe konsidere jwe se yon pati enpòtan nan la apranndizaj nan chak reyinyon. Ou ka reyalize yon jwèt ki p'ap entèwonp klas granmoun yo, pèdi reverans, epi yon jwèt ki apwopriye ak tèm nan chak dimanch.

### Orè

Lòd nan pwochen orè a kapab bay bon rezilta: 1.Variete 2. Priyè 3. aktivite


Minit pou chak aktivite yo, pral depann de pwogram lan ak planifikasyon pou chak jou. Chak dimanch dwe diferan. 25 minit pou Variete, 30 minit pou adorasyon, ak tout rès la pou aktivite yo.

Bay priyorite nan tan adorasyon yo, si w kòmanse ak li, timoun yo fatige nan chita nan klas la, si ou kòmanse ak aktivite yo, ou ka pa gentan fini ak adorasyon yo. Konsa se koupe y'ap koupe rès sèvis la nan menw lè paran-yo ale deyò pou vin chache pitit yo.

Eseye ranpli Legliz timoun yo lè granmoun ranpli sèvis yo.

## Materyèl edikasyonèl

Sa a se yon lis atik debaz nesesè w'ap gen bezwen. Li ta bon pou gen yon kote pou mete tout bagay timoun yo bezwen pou yo Zafè timoun yo.



Bib , ti liv koral , liv chan , tablo, enprime ak chante , èd vizyèl , jwèt, lakòl, kreyon koulè, sizo, règ , kreyon, makè, papye konstwiksion , papye pou ekri, mèb ki apwopriye, flè, chè, asyèt pou ofrann, anvlop pou ladim, muchwa, papye twalèt, twal pou netwayaj, rad krochi , kit, liv pou anrejistre ofrann ak non manm nan legliz timoun yo, zouti, ak tout bagay timoun yo konn itilize nan ansèyman ak aprantisaj yo.

## Memorizasyon vèsè biblik la



Rezon pou anseye timoun yo memorize vèsè de baz nan Bib la nou jwenn li nan Sòm 119:11 "Nan kè m ' ma'p sere pawòl ou, poum' pa fè peche kont ou."

Chak lesan, istwa Bib oswa tèm, yo dwe genyen ladan yo yon vèsè Nan Bib la pou aprann.

Memwa ke Bondye te ban nou an resevwa edikasyon depi nan laj nou tou piti. Si nou anseye yo depi yon laj byen bonè ak diferan metòd pou kenbe yon vèsè, li pap janm fè timoun nan mal ( Jozye 1:8).

### Pou jodi a ak demen

Nan pwoblèm n'ap jwenn nan vi nou nan jounen jodia, lè n'ap gade bezwen ke nou genyen, sa menm konn rive ajì nan vi esprityèl nou nan moman nou pral pran yon desizyon, tantasyon, tout tribilasyon, adorasyon , fè lwanj ak lapriyè.

Pawòl Bondye a, nan yon fason espesyal, revele nou ak ban nou entelijans nan tout kalite bezwen nan lavi chak jou nou an. Jodi a se yon gwo opòtinite, denmen ka gentan twò ta. La vi tout timoun sa yo se nan men nou yo ybay lavi a nan aksepte Jezi kòm sovè yo.

Legliz timoun yo dwe fèt nan yon fason pou montre yo ke yo dwe rete nan legliz la. Ki pral ba yo fòs nan vi esprityèl yo, k'ap gide yo nan sèvis Bondye a ak nan karyè yo kòm kretyen. Li pral ede yo fòme karaktè yo nan Kris la, ak resevwa fòmasyon pou kalite dirijan nan moman sa a ak nan lavni yo

Sa vle di ke ti chalatan sa, dezòd sa, ti kriye a, pou jan`l renmen jwe ak ri, ka vin chanje nan yon jou a yon lòt, nan yon timoun trankil ak obeyisan ? **!!NO!!**. Men, sa vle di nou te kapab anseye`l, montre`l, ba`l fòmasyon nan travay Bondye. Timoun sa ap vin yon moun ki pral renmen Bondye ak tout kè`l, ap vin sèvi legliz la, ak pwochen yo. Konsa, n'ap vin voye timoun sa nan yon mond kote`l pral chanje li. Aprè sa, ki jan sa pral fè reyisi? Ak paran, pwofesè nan tout konsepsyon yo, k'ap yon modèl nan renmen Bondye.

Sa a se pi bon chans nou genyen nan gide lespri timoun sa yo ak kè.

**"SE PRIVILÈJ SA NOU GENYEN NAN KRIS LA. GIDE YO NAN CHEMEN BONDYE A. TOUT TRAVAY AK TOUT EFÒ NOU NAN YO GENYEN ANPIL VALÈ SI NOU RIVE FÈ SA NAN YO."**

### Sa N'ap konseye

- Konsantman sou aprantisaj la depann sou ou menm ak gwoup timoun yo, Kapasite nan aprann vèsè yo varye nan chak timoun.
- Pa gen orè memorizasyon pou ke timoun yo santi ke yo pa kapab si pa aprann tout tèks la.
- itilize jwèt ak aktivite pou kapab ede timoun yo gen yon bon aprantisaj pou ka aprann vèsè a (yon mo apre yon lòt, Jwèt kasetèt, koulè, memorama, konpetisyon, chante, èd vizyèl, elatriye.).
- Chache vèsè ki gen menm mesaj sou tèm ak ansèyman an nan jou a.
- Ankouraje timoun yo, nan felisite yo, ankouraje yo ak yon prim tankou yon Nouvo Testaman, yon tèks ki ankadre, tout bagay sa a ka kenbe enterè yo ak ankouraje yo.
- Mwen te kapab anseye yo nan kòmansman, oswa nan fen sijè a.
- Ou ka mete mizik nan tèks la (kòm yon melodi key o konnen).
- Ou ka memorize yon chapit ki pa anpil ak yon vèsè ki pa long nan liiv sòm nan.
- Ou ka memorize Lapriye Seyè a, Kwayans apòt yo, beatitud yo, elatriye.
- Dirije timoun yo nan jwenn mesaj la oswa aplikasyon li nan eksperyans chak jou nan lavi yo kòm egzanp.
- Eksplike siyifikasyon mo yo, tankou: zòn yo, koutim, lè l sèvi avèk lang ki apwopriye nan nivo timoun yo.
- Pa bat pou yo repete yon mo plizyè fwa sa ka fè yo pa genyen menm enterè pou kontinye aprann vèsè a.
- Oummenm kòm lidè, aprann tèks la epi viv sa 'w ap anseye a chak jou se pou 'w toujou yon bon egzanp.

## Evanjelizasyon



Kilè yon timoun pare pou aksepte Kris la? Kilè li pare pou konprann sa sa vle di sou jan Bondye sove'n? repons lan byen fasil, lè timoun nan santi l bezwen 'l : li pral ran kont lè'l santi genyen yon fòs ka'p goumen nan kè'l sou sa ki byen ak sa ki mal, l'ap rekonèt peche'l y oak bezwen yon Sovè.

Sa a pral rive nan diferan fason ak sikonstans. Youn nan pi gran eksperyans ke yon pwofesè oswa yon lide timoun nan kapab genyen.

Se gide pitit yo aksepte Krisla nan yon laj byen ki byen bonè nan lavi yo.

Jezi renmen timoun yo, mennen yo ba li ak yon lafwa ki djanm epi ki vrè. nou gen yon Bèl mesaj ki ka sove yo, epi vital ki ka rive nan timoun yo, se chanje lavi yo epi ede yo atenn objektif Bondye a nan yo epi pou yo.

### Men kèk konsèy:

Oumenm kòm yon lidè nan Legliz timoun yo, ou genyen anpil opòtinite pouw ede timoun nan pran yon desizyon nan aksepte Kris la kòm Sovè yo. Timoun lan se yon moun ki gen pwòp volante li, men li byen dosil epi fasil pou moun dirije pa yo pou yo rive resevwa Kris la.

- ❖ Ou dwe sansib lè Sentespri a travay nan mitan goup la, epi se yon moman pouw tou pwofite pou w rele timoun yo vin aksepte Kris la nan lavi yo; menm si w pat gen sa nan plan aktivite a oubyen reyinyon an.
- ❖ Ou dwe konne timoun ou yo. Ou dwe veye bezwen ak santiman yo chak. Menm siw pa fè yon apèl pou tout gwoup la vin aksepte Jezi, ou ka travay ak timoun sa epi prepare li pou li aksepte Jezi kòm sovè li. Se poutèt sa, li bon pou oumenm ak moun k'ap edew yo chita fè ti pale ak timoun nan nan tan lib nou genyen yo tankou nan espas (lekòl di dimanch ak legliz timoun yo). Konsa ou va konnen timoun nan pi byen, y ova pale ak ou de fanmi yo, lekòl yo, jwèt, zanmi yo epi san dout de pwoblèm yo tou. Pa bliye al vizite timoun yo oswa rele yon an telefòn lè yo pa vin legliz.
- ❖ Ou dwe gen yon plan. Ou dwe konnen kisa pouw fè lè yon timoun mandew kisa pou li fè pou li gen lavi ki pap janm fini an.
- ❖ Envitasyon pou Evanjelizasyon: Sèvi ak pawòl ki klè. Mande li pou ale mete ajenou sou lotèl la (ou ka itilize yon chèz pouw fè sa) gide li paZapa:
  - a. Kite timoun nan fè tout bagay yo pou kont li.
  - b. Li dwe konfese peche li yo epi mande Bondye pou li padonnen li.
  - c. Li dwe kwè ke Bondye va fè sa
  - d. Ou dwe kite Bib la tou ouvè pou li pou li vèsè ki gen pou wè ak sa l'ap fè yo.
  - e. Li dwe remèsye Jezi pou sa' fè pou li.
- ❖ Lè gen apèl pou epi timoun sa te deja sou lotèl la:
  - a. Mete meno u sou zèpòl timoun nan tou dousman, rele li nan non li, si o upa konn kijan li rele, mande li kijan li rele.
  - b. Mande li pou kisa li ale sou lotèl. Si repons l iba w la se p asa ou te vle, se pou w dakò ak li; anpil fwa timoun yo konn ale sou lotèl pou yo priye pou kèk manm nan fanmi yo ki malad oswa pou lòt bagay. Men konsa tou, w'ap jwenn gen lòt ki pa konn pou kisa yo

sou lotèl. Si se konsa, priye pou timoun sa yo epi pou neseseite ki fè yo ale sou lotèl, priye pou mesaj jou saa, lè fini mande yo pou y'al Chita nan plas yo.

- c. Si timoun nan pale de koze ki gen pou wè ak lavi ki pap janm fini an, fè yon ti revizyon ak li sou klas ou te ba li yo sou plan lavi ki pap janm fini an:
    - 1. Pechew separew ak Bondye. Women 3:23.
    - 2. Bondye renmenw Jan 3:16; Women 5:8.
    - 3. Aksepte Jezi kòm Sovè ou pandan w'ap mande li padon pou pechew yo. 1 Jan 1:9; Women 10:9.
    - 4. Kounye a, se pou Bondye ou ye: rakonte lòt yo sa Jezi fè pou ou Jan 1:12.
  - d. Lè timoun nan fin priye, mande li kisa Bondye sot fè la. Si peche li yo padonen, timoun nan va kapab di sa. Si timoun nan pa konnen, ou dwe repete saw sot fè avèk li a ankò. Mande li si li konprann. Kite li priye ankò, si jouskaprezan gen kesyon oswa dout, se paske timoun nan pot ko prepare poul fè sa. Mete fen pandan w'ap fè yon priyè pouw di Bondye mèsi pu timoun saa. Fè li konnen ke ou kontan anpil paske li te pran desizyon pou li ale priye sou lotèl la. Li dwe santi ke pòt la byen ouvè pou li, pou si li ta vle fè sa yon lòt fwa ankò, lè li konprann neseseite saa.
  - e. Fè yon priyè pouw di Bondye mèsi pou travay li nan lavi tout timoun yo, espesyalman pou timoun saa. Priye pou Seyè a ak lidè yoede timoun saa nan kwasans esprityèl li.
- ❖ Pa fòse timoun nan, kite li reponn jan li vle. Kite Sentespri a fè travay li, epi sonje ke oumenm ou se sèlman yon enstriman nan men Bondye.

Responsablite ke Seyè a mete nan menw lan gwo anpil. Pa dekouraje ni pa pè, moun saa ki relew la epi mete mimistè timoun yo nan kèw la, li va ede w, li gide epi itilize w pou anpil ti fi ak ti gason rive aksepte li kòm Sovè pèsonel yo. Lage w nan men Seyè a, OÙ PA POUKONT OÙ.


## Tan pou Felisitasyon

Tout moun, menm timoun yo tou dwe santi yo felisite pou travay yo ak pwogrè yo fè yo.

Planifye pou ou kapab fè yon fwa pa ane yon sèvis espesyal pou w di timoun ki gen 12 lane yo oubyen sa ki pi gran yo orevwa nan legliz timoun yo paske yo pral pase nan legliz granmoun yo epi kite dèyè yon bèl etap ke yo t'ap viv nan legliz timoun yo.

Li enpòtan anpil pou timoun sa yo ki te aksepte Kris la nan kè yo a, jwenn ankourajman ak oryantasyon pou yo koumanse jwenn ansèyman ki pral pèmèt yo batize epi pase kòm manm legliz la. Mete yon ministè disip sou pye, Timoun: Fòme lidè pou bay ansèyman sa epi sèvi ak materyèl pou ansèyman timoun yo ke rejyon pa nou an ap ofri a.

Planifye evènman sa a pandan tan sèvis granmoun yo. Pwogram nan kapab sou kont timoun yo nan legliz timoun yo epi lidè a ka pote yon mesaj kout. Si ou gen foto, glisad oswa videyo timoun yo oswa timoun ki popilè anpil, li ta byen enteresan pou pou w ta moutre kongregasyon an yo. Ou kapab fè yon ti istwa nan kwasans espirityèl ak pèsonèl timoun nan pandan sejou li nan legliz timoun yo epi bay yon sètifika tou senp oswa kado. Ankouraje pèp la pou l kontinye priye pou li, felisite li pou etap tou nèf sal' koumanse nan lavi l' epi di li byenveni nan legliz granmoun yo. Sa a se yon bon opòtinite pou ou envite paran ki pa konn ale legliz yo vin vizite legliz la.



# Pwogram ak tèm nou ofri pou travay avèk legliz timoun yo

## Doktrin ak ansèyman pou disip

- Atik Lafwa pou timoun yo.
- Dis kòmandman yo.
- Papa nou ki nan syèl la, lapriyè a ak tout sa ki gen ladan li.
- Ki sa kwayans apòt yo ye? (Esplike li epi memorize li)
- Fwi Sentespri a
- Ki sa ki se yon devosyonèl pèsònèl, epi ki jan yo fè li?
- Majòdon (tan, talan, lajan, kò mwen, kreyasyon, byen).
- Pratik lavi kreyen (onètete, verasite, respè, responsabilite, koutwazi, amitye, elatriye.) .
- Bib la.
- Legliz la.

## Sèvis

- Ki sa don yo ye?
- Dekouvri ki don mwen
- Ki jan yo kreye yon pwogram devosyonèl ak kouman yo dirije yon kil
- Ki jan yo devlope yon refleksyon biblik ak kouman yo ekspoze
- Ki jan yo prepare yon espesyal (Chante, temwayaj, resitasyon , elatriye.) epi kijan yo ka rive mete li an pratik.
- Dirije kil la nan adorasyon granmoun yo yon fwa pa mwa oswa yon fwa chak de mwa.
- Fè ijèn oswa antretyen nan Chapèl la oswa nan legliz timoun yo.

## Istwa legliz la

- Ki jan legliz nazareyen fè egziste
- Refòm pwotestan an

## Lwanj ak adorasyon

- Ansèyman Chante ki tou nèt ki gen pawòl ki nan Bib la.
- Ansèyman kantik, eksplike siyifikasyon li ak pawòl ou konnen yo.
- Ki lòt fòm adorasyon ki egziste?
- Fè fòm enstriman mizik senp pou akonpanye chante yo.

## Evanjelizasyon

- Fè sèvis evanjelizasyon, asirew ke timoun yo ki nan legliz timoun yo fè eksperyans lavi ki pap janm fini an.
- Gran Komisyon an.
- Anseye metòd ki senp pou evanjelizasyon.
- Pratik metòd sa yo devan yo
- Sòti al preche tou pre tanp lan, pandan w'ap itilize metòd sa yo
- Devlope ak distribye envitasyon pou yon aktivite espesyal ministè ministè a fè ansanm ak timoun yo.

## Misyon yo

- Videyo ak chante misyonè



- Devlopman nan bwat sekre konpasyon oswa anvlop pou ofrann espesyal yo
- Ekri pastè a oswa misyonè adopte.
- Fè yon etid misyonè pou timoun yon fwa pa mwa.
- Li yon liv misyonè epi fè kòmantè sou li.
- Nouvèl Misyonè yo

#### Aktivite enpòtan yo

- Pran Sentsèn 3 fwa pa ane, se pastè a kid we bay li (jeran timoun yo kapab ede pastè a)
- Selebre anivèsè nesans yo nan mwa a (anndan oswa deyò tanp lan)
- Vizite timoun yo oswa frè ak sè ki malad yo, granmoun aje yo, òfelen.
- Fè kat oswa lèt ankourajman pou sa ki pa asiste yo oubyen pou jou espesyal yo.
- Fòk ou mete yon klib timoun sou pye chak samdi maten oswa yon travay atelye.
- Fè pajama (pase nwit ap jwe ak yo yon kote ki apa) oswa fè yon ti kan.
- Fè ti konkou chanpyona pou yo
- Fè konpetisyon sou Bib la, espò oubyen konesans.
- Envite yon espesyalis nan trete pwoblèm sante (manje ak nitrisyon, sante nan bouch, anpeche aksidan, ijyèn pèsònèl, elatriye.).
- Rakonte biyografi (lavi ak travay) kèk gwo pèsònaj nan lemond.
- Jou jaden
- Kè chan pou timoun
- Mebi
- pwojè pou sèvis kominotè a
- Patisipe nan pwogram espesyal ak jwèt teyat ak / oswa chan (Pak, fèt Nwèl, Fèt la Bib, Fèt manman yo, Fèt timoun yo, Fèt papa yo, Fèt granmoun ak granpapa yo, elatriye.
- Anseyman ak aprann jwe yon enstriman.
- Fè travay manyèl.

Lidè yo ak moun k'ap ede direktè nan legliz timoun yo ka anchaje pou plizyè tip de responsablite nan diferan branch (si kapasite legliz la pèmèt sa):

- Direktè pwogram
- Direktè mizik
- Direktè aktivite yo
- Direktè pwogram pandan semèn nan

Si kapasite a pa pèmèt li, direktè a dwe pran tout responsablite yo sou kont li.

## Anèks

### Fòmilè pou granmoun ki vle yo

Sèvi ak fòm sa pou mande pou granmoun travay kòm volontè. Bay tout manm legliz la yo yon fòmilè.

### Fòmilè pou timoun k'ap ede yo

Timoun yo dwe ranpli fòmilè sa a selon kapasite ak dezi yo genyen pou bay sèvis yo nan tan legliz timoun yo.

### Legliz timoun bezwen èd-ou

Tanpri make avèk yon X nan fason ou ka ede nou, epi mete non w, telefòn ak adrès ou.

Non \_\_\_\_\_ Telefòn \_\_\_\_\_  
Adrès \_\_\_\_\_

\_\_\_ Mwen pral ede chak dimanch nan ane a.

\_\_\_ Mwen pral travay \_\_\_ dimanch nan yon mwa, oswa \_\_\_ mwa nan lanne a.

\_\_\_ Mwen pral ede sipèvize timoun yo.

\_\_\_ Mwen pral ede avèk mizik (pyano, akòdeyon, gita, elatriye.).

\_\_\_ Mwen pral ede fè travay manyèl ak anseye timoun yo.

\_\_\_ Mwen pral ede avèk vèsè bibliik pou aprann yo.

\_\_\_ Mwen pral preche chak dimanch.

\_\_\_ Mwen pral fè paran adoptif timoun ki gen paran yo pa konvèti yo.

\_\_\_ Mwen pral ede ak ti goute a oswa manje midi a

---

Ajoute lòt travay nan fòmilè sa a ou kwè ki nesèsè.

### Mwen pral ede nan legliz pou Timoun yo

Non mwen se \_\_\_\_\_

Telefòn mwen se \_\_\_\_\_

Pote fiè \_\_\_ Li la Bib \_\_\_ Chante \_\_\_

Jwe yon enstriman \_\_\_

Resite yon powèm \_\_\_

Chante nan gwoup \_\_\_ chante sèl \_\_\_

Netwaye ak fè aranjman nan sal la \_\_\_

Pote ofrann lan \_\_\_

Priye \_\_\_

Ki jou ou kapab fè sa? \_\_\_\_\_

Lòt bagay

---

---